



## **Tèks 2015-16 pou tiliv CCSC**

### **Community Charter School of Cambridge [Lekòl Kominotè ki gen Kontra Leta nan Cambridge]**

#### **Rekonnèt nan tout peyi a pou pwogrè eksepsyonèl nan rezilta elèv yo**

Klas 6zyèm rive 12zyèm

- Lekòl piblik san peye
- Enskripsyon nan lotri (san peye, san egzamen)
- Fè aplikasyon pou enskri nan klas 6zyèm, 7yèm, 8yèm, oubyen 9yèm.
- Rezidan Cambridge, ansanm avèk frè ak sè yo gen priyorite nan lotri a.
- Ouvri pou tout elèv nan Massachusetts.
- Estanda byen wo pou tout elèv.
- Pwofesè yo ap fè tout sa ki posib pou ede chak elèv reyisi.
- Pwogram konsèy yo tabli relasyon ki solid.

Kote li ye, se nan Kendall Square, tou pre MIT.

Li pa lwen lè w soti apye nan Liy Wouj MBTA a.

Otobis lekòl pou elèv Cambridge ki nan klas 6zyèm rive 8yèm.

#### **Enfòmasyon sou CCSC**

Community Charter School of Cambridge, ki nan Kendall Square, se yon lekòl piblik gratis ki gen kontra leta (klas 6zyèm rive 12zyèm).

CCSC ofri yon pwogram akademik serye ki pare elèv yo pou bay bon rezilta nan inivèsite, epi ki ede yo devlope konfyans nan tèt yo, ak pwofesyonism yo pral bezwen pou konpetisyon ki nan ekonomi global la.

- Pwogram preparatwa pou inivèsite, avèk konsantrasyon sou matematik, imanite, ak syans.
- Klas pou Plasman Avanse (AP) ak opsyon onorab ki ouvri pou tout elèv.
- Pwogram konsèy la fè ansòt pou yo konnen tout elèv yo byen, ak pou yo bay elèv yo bon sipò pèsonnèl.
- Gen espesyalis konpetan ki sipòte elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv k ap

aprann lang angle.

- Fanmi yo ka rete lakay yo pou gade nòt pitit yo anliy lè yo vle.
- Jounen lekòl pwolonje: asistans gratis nan fè devwa pou lakay, epi sipèvizyon pwofesè apre lè lekòl.
- Espò ak aktivite ekstraskolè pou satisfè plizyè kalite enterè.
- Akademi Ete pou tout nouvo elèv.

### **Pwen ki Fò nan Pwogram CCSC yo**

Tout elèv yo suiv yon pwogram preparatwa serye pou inivèsite. Yo fòme klas yo avèk tout kalite elèv, epi yo bay sipò siplemantè pou elèv ki gen diferans nan jan yo aprann. Men kisa yon pwogram tipik pou elèv genyen ladan l:

Klas sou matyè fondamantal, ki òganize an blòk 70 minit:

- Imanite (angle ak istwa) - 7 a 8 fwa pa semenn
- Matematik - 4 a 7 fwa pa semenn
- Syans - 4 fwa pa semenn
- Panyòl - 4 fwa pa semenn

Nan chak pwogram, genyen tou:

- Rankont chak maten avèk konseye (saldeklas prensipal)
- Rankont an gwoup pou konsèy 2 fwa pa semenn
- "Drop Everything and Read" [Kite tout bagay epi fè lekti] (peryòd lekti entansif 4 fwa pa semenn)
- Peryòd anrichisman akademik (gran sal etid sipèvize)
- Byennèt ak Mouvmman (kilti fizik ak sante)
- Travay atis

Jounen lekòl pwolonje:

- Pòt louvri depi 8è dimaten
- Lè klas yo, se: 8:30 - 3:40 (jiska 1:30 chak mèkredi)
- Sant Aprantisaj Apre Lekòl: 3:45- 4:45 nan apremidi\* (3 jou nan yon semèn)
- Espò ak aktivite ki pa akademik: 3:45 apremidi -6:00 diswa\*
- CCSC@Night [Sware CCSC]: gran sal etid, epi soupe 5:00-7:00 diswa\*

\*fakiltatif

### **Karakteristik Patikilye nan Pwogram CCSC a:**

Chak elèv CCSC ki nan klas 6zyèm jiska 11yèm fè yon prezantasyon arebò tab (Roundtable) nan fen lane a. Prezantasyon arebò tab yo bay elèv yo yon chans pou montre si yo metrize sa yo aprann, ak pou yo devlope konfyans pou pale an piblik.

Yo mete chak elèv k ap fini pwogram CCSC a fè yon estaj nan yon antrepriz komèsyal nan vil la ak nan yon kote ki travay san fè benefis, yon jou chak semenn padan sezon

prentan an. Estaj pou elèv nan klas tèminal yo pèmèt fè yon eksperyans enpòtan nan lavi tout bon, nan yon kote pwofesyonèl.

### **Bon Rezilta Elèv CCSC yo**

Gwo nòt elèv nou yo fè nan MCAS, ansanm ak gwo pousantaj nan kwasans rezilta yo, montre kouman pwogram akademik nou an efikas.

- 100% nan elèv ki fini yo aksepte nan inivèsite, epi plis pase 90% aksepte nan lekòl 4ran (2009-14).
- CCSC se yon lekòl Nivo 1-rated, ak pou kat ane ki sot pase yo nòt 10yèm ane MCAS nou yo ak pousantaj medyan nan kwasans aprann elèv te mete nou pami lekòl yo tèt piblik nan eta a. Nan 2014 elèv klas 10yèm nou an bay nòt 98% avanse oswa konpetan nan ELA ak 97% nan matematik.
- 100% nan elèv klas 10zyèm yo pran masyon avanse oswa konpetan nan ELA (2013 ak 2012)
- 100% nan elèv klas 10zyèm yo pran masyon avanse oswa konpetan nan matematik (2012 ak 2011)
- Pwogrè nan aprantisaj eksepsyonèl nan tout klas yo.

### Resèt CCSC pou Sikse:

Pwofesè nou yo gen gwo preparasyon pou travay avèk tout kalite elèv, epi yo fè tout sa yo kapab pou chak elèv bay bon rannman. Nan pi piti klas nou yo (klas 6zyèm jiska 8yèm), nou konsantre sou tabli ak ranfòse konpetans akademik fondamantal yo ak bon abitud nan etid elèv yo pral bezwen pou yo aprann pi byen pandan y ap monte nan pi gwo klas. Nan pi gwo klas yo (klas 9yèm jiska 12yèm), pwogram nou an konsantre sou preparasyon pou inivèsite, avèk estanda byen wo pou tout elèv yo, ak sou klas AP avèk opsyon onorab pou elèv ki vle ale pi lwen toujou. Nou òganize espò ann ekip, ak yon varyete aktivite ki pa nan pwogram akademik la, epi nou ankouraje elèv nan tout klas yo patisipe.

"Chak grenn elèv konte pou nou. Nou vle pou yo tout travay di, ak kenbe lespri yo sou etid, epi kontinye fè pwogrè. Nou analize enfòmasyon sou pwogrè elèv yo regilyèman, pou kreye plan aksyon endividyèl ki garanti okenn elèv pa pral rete dèyè, epi pou tout elèv jwenn ankourajman ak sipò. Pwofesè nou yo konnen kouman pou yo fè konneksyon ak jenn moun epi ankouraje yo, ak fè yo koumanse gade tèt yo tankou moun inivèsite epi pran kontwòl aprantisaj ak avni yo. Elèv CCSC yo jwenn ankourajman pou yo travay di ak pou yo fè efò, paske yo wè kouman pwofesè yo enterese nan pwogrè yo." Caleb Hurst-Hiller, Direktè Lekòl la.

### **Chimen Inivèsite nan CCSC**

Tout elèv CCSC pran chimen depi premye jou a pou ale nan inivèsite, paske yo koumanse devlope konpetans akademik ak pwofesyonnalism y ap bezwen pou reyisi nan inivèsite. Pwogram konsèy fòmèl nou an koumanse depi nan klas 9yèm, epi nou travay men nan men avèk fanmi elèv yo pou devlope yon plan pou chak elèv

pou ede l ale nan inivèsite. Tout elèv yo fè aplikasyon pou antre nan inivèsite; yo aksepte 100% ladan yo, epi 90% nan lekòl 4ran yo. Pousantaj pèsistans elèv nou yo nan inivèsite, ak elèv nou ki rive diplome nan inivèsite depase pousantaj nasyonnal la lontan.

**Elèv ki diplome nan CCSC prale nan inivèsite sa yo (lis pasyèl):**

Amherst College  
Bentley University  
Boston College  
Bryn Mawr College  
Bucknell University  
Carnegie Mellon University  
College of the Holy Cross  
Dartmouth College  
Denison University  
Hamilton College  
Haverford College  
Howard University  
Lesley University  
Mass. College of Pharmacy & Health Sciences  
Northeastern University  
Smith College  
Suffolk University  
UMass (tout camouses)  
Wentworth Institute of Technology  
Wheaton College  
Wheelock College

## Enskri nan CCSC!

Community Charter School of Cambridge (CCSC) [Lekòl Kominotè ki gen Kontra Leta nan Cambridge] ouvri pou elèv k ap antre nan klas 6yèm, 7yèm, 8yèm oswa 9yèm pou lane 2015-16. Enskripsyon an fèt nan lotri.

- Elèv yo ka rete nan nenpòt vil nan Massachusetts.
- Rezidan Cambridge, ak frè oubyen sè elèv ki deja nan CCSC gen priyorite nan lotri nou.
- Tout fanmi yo dwe remèt yon prèv rezidans nan Massachusetts lè y ap fè aplikasyon nan lotri a. Voye avèk aplikasyon an yon kopi bòdwo (gaz, elektrisite, sèvis kab) oubyen kopi kontra pou lwaye w.

### **Kouman pou w jwenn yon Fòmilè Aplikasyon**

Telechaje fòmilè aplikasyon an sou sit entènèt nou an ([ccscambridge.org/apply](http://ccscambridge.org/apply)), oswa vin chèche youn nan men resepsyonnis nou an. Fòmilè aplikasyon an senp, li gen 1 paj (epi li gratis).

### **Kalandriye Lotri**

dat Open House (soti nan 6 pm rive 8 pm)

13 novanm 2014	9 desamn 2014
8 janvyè 2015	5 fevriye 2015

Dènye jou pou remèt aplikasyon an (anvan 4rè apremidi)

14 janvyè 2015  
4 mas 2015

Dat Lotri a

21 janvyè 2015  
11 mas 2015

*Kantite plas yo limite, kidonk fè aplikasyon pou lotri ki pral fèt pi bonè ou kapab la, pou w ka gen yon pi bon chans jwenn yon plas.*

### **Voye aplikasyon an pa lapòs oubyen nan faks nan adrès sa a:**

Community Charter School of Cambridge  
245 Bent St. (ant 5yèm ak 6yèm Ri)  
Cambridge, MA 02141  
Nimewo Faks: 617-354-3624

### **Kesyon?**

Rele nan nimewo 617-354-0047 oswa voye yon imel nan adrès [info@ccscambridge.org](mailto:info@ccscambridge.org)

### **Pou plis enfòmasyon an liy:**

[www.ccscambridge.org](http://www.ccscambridge.org)

*CCSC pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, oswa koulè yo, peyi yo soti, kwayans, si se gason oubyen fi, idantite seksyèl, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, andikap mantal oubyen fizik, laj, zansèt moun, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, konpetans nan lang angle oswa lang etranje, oswa rezilta akademik pase.*

